

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

Mojang Anu Hirup Dua Kali



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Yairus teh pamingpin agama Yahudi anu nyembah ka Allah sarta ngajarkeun Firman Allah ka batur. Dina hiji poé, Yairus nyanghareupan masalah anu dahsyat.

Putri kaasihna, umurna nembe dua belas taun, gering. Sigana teu aya anu tiasa ngabantosan anjeunna. Ieu panyakit anu goréng pisan. Yairus terang yén budak awéwé éta teh tos sakarat.



Ngan hiji jalma nu bisa nulungan putri Yairus. Yairus indit pikeun manggihan Yesus tur ngajak Anjeunna ka imahna. Yairus jigana nyaho yen rencang-rencangna teu panuju ka Yésus. Tapi Yairus teu paduli.



Anjeunna kedah gancang kénging bantosan sateuacan putrina maot.





Yairus
kapanggih
Yesus
dikurilingan
ku jalma.
Anjeunna
sujud dina
sampean Yesus.



"Putri abdi ayeuna
nuju sakarat,"



eta lalaki nekat
nyunkeun tulung.


"Mugi kersa
sumping ka
bumi sareng
numpangkeun
panangan ka
anjeunna
supados
anjeunna
tiasa cageur
sareng bakal
hirup."






Tuluy Yesus angkat sareng Yairus. Tapi maranéhna teu tiasa gancang lantaran loba jalma ngariungan. Hiji awéwé geus gering parna salila dua belas taun. Anjeunna parantos angkat ka sadaya dokter (sareng nyéépkeun artosna) nanging teu aya anu tiasa nulungan. Duh, kuhoyong pisan anjeunna ningali Yesus!





Naon anu tiasa dilakukeun ku awéwé éta?
"Upami abdi tiasa nyabak kana papakean-
Na, abdi bakal cageur," saur awéwé éta.
Anjeunna beuki caket ka arah Yesus.
Teras, ngacungkeun panangan, nyabak
jubah Yesus.





Mujijat! AJAIB! Awéwé éta teh cageur. Langsung! Sakabehna! Anjeunna rumangsa cageur sareng jagjag sakabeh-kabehna. Tapi harita aya sora. "Saha nu nyampeurkeun?" Yesus nanya. Jalma-jalma geus nyabak ka Anjeunna. Tapi awéwé anu dicageurkeun terang yén Anjeunna hoyong pisan nyarioskeun perkawis éta. Bari isin, manehna ngawartoskeun sakabeh carita eta.




Harita keneh, aya budak pambantu ti imah Yairus.
Raraina sigana nyarioskeun carita sedih sateuacan
aranjeunna nyarios. "Putri anjeun teh tos maot!"

ceuk manehna ka Yairus.
Tos maot. Tos telat.
Panginten, upami awéwé éta
henteu ngalambatkeun
hal-hal. . . meureun,
lamun. . . Maot! Budak
leutik Yairus anu
dipikaasih tos teu aya.




Nalika Yesus nguping, Anjeunna ngawaler, "Ulah sieun; sing percaya, manehna teh bakal cageur."
Tangtu sesah pisan pikeun Yairus percanten ka Yesus da terang putrina tos maot.



Di imah, saréréa ceurik ngadu'akeun budak awéwé éta. "Anjeunna henteu maot, tapi saré," saur Yesus ka aranjeunna. Seg jalma nu aya didinya teh nyeungseurikeun Yesus.

Aranjeunna terang yén awéwé éta tos maot.




Yesus miwarang sadayana kaluar. Yesus nyepeng panangan eta budak awewe, tuluy ngalahir, "Neng, hudang!" Yairus aya di dinya. Pamajikana sareng tilu urang murid Yesus, oge aya di dinya. Maranéhanana kabéh ngadéngé kecap Yesus. Enya kiatu budak awéwé no maot teh bakal ngadangu aranjeunna?



Budak awewe nu
tos maot ngadenge
parentah Yesus!
Sumanget nya
balik, sarta
manéhna gugah
geuwat. Yesus
geus ngangkat
manéhna ti
nu maraot.




Kolotna budak awéwé eta teh reuwaseun. Yésus nitah maranéhna méré dahar ka budak awéwé éta. Tangtu atoh pisan maranéhanana; ngucap syukur ka Yesus. Kaasih sareng kakuatana-Na anu agung tiasa ngahudangkeun putrina deui tina kamaotan.



Mojang Anu Hirup Dua Kali
Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab
Kenging ti
Markus 5, Lukas 8

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





| 49

||||| 60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

